# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी भाजपा क नया प्रदेस अध्यक्ष निर्वाचित भइल हवें। भाजपा के नामित केन्द्रीय चुनाव अधिकारी पीयूष गोयल आजु लखनऊ में पंकज चउधरी के निर्विरोध जितले का घोषणा कइलें।

***मुझे बड़ी प्रसन्नता हो रही है यह घोषित करते हुए कि सर्वसम्मति से भाई पंकज चौधरी जी, भाई पंकज चौधरी जी भारतीय जनता पार्टी उत्तर प्रदेश के नव–निर्वाचित प्रदेश अध्यक्ष रूप में घोषित करते हुए बहुत प्रसन्नता हो रही है।***

पीयूष गोयल श्री चौधरी के प्रदेस अध्यक्ष बनावे जाए क प्रमाण पत्रों सउपलें। ये मौका पर मौजूद योगी आदित्यनाथ कहलें कि आजु एगो अनुभवी कारकरता के प्रदेस अध्यक्ष क जिम्मेवारी सौंपल गइल हौ। अब प्रदेस में सरकार अउर संगठन मिली के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के वीजन के आगे बढ़ईहें।

***आज उत्तर प्रदेश के अन्दर हमारे चुनाव की प्रक्रिया सम्पन्न हो रही है और एक अनुभवी कार्यकर्ता को उत्तर प्रदेश के प्रदेश अध्यक्ष का दायित्व मिलने के साथ ही उत्तर प्रदेश के अन्दर अब नये गति के साथ सरकार और संगठन मिलकर के आदरणीय प्रधानमंत्री जी के मंशा के अनुरूप आगे बढ़ने के संकल्प के साथ बढ़ पायेगा।***

येह मौका पर श्री गोयल राष्ट्रीय परिषद क 120 सदस्यन के निरवाचनों क घोषणा कइलें। येह परिषद में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य अउर ब्रजेश पाठक जइसन देस का प्रमुख भाजपा नेता सामिल हवें। ई परिषद भाजपा के राष्ट्रीय अध्यक्ष क चुनाव करेले।

**********

प्रदेस के पोलियो मुक्त बनावे रखले के संकलप के साथे प्राथमिकता वाला 33 जिला में आजु से सघन पल्स पोलियो अभियान क सुरूआत कइल गइल। ई अभियान 22 दिसंबर ले चली। परिवार कल्याण विभाग क निदेसक डाक्टर पवन कुमार अरूण बतवलें कि अभियान क मुख्य लक्ष्य 5 बरिस तकि के सज्जो लइकन के पोलियो खोराक दिहल हौ। चिन्हित जिलन में शून्य से पांच बरिस तकि के एक करोड़ 33 लाख लइकन के पोलियो खोराक पियावल जा रहल हौ। उहां के बतउलीं कि अभियान क पहिला दिन खोराक देवे बदे 44 हजार 726 बूथ लगावल गइल हौ। येह अभियान बदे चिन्हित जिलन में पूर्वी उत्तर प्रदेश के अयोध्या, चंदौली, गाजीपुर, जौनपुर, मीरजापुर, सोनभद्र, कुशीनगर अउर मऊ जिला सामिल हौ।

**********

भारतीय जनता पार्टी आजु वोटर लिस्ट के बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर के ले के कथित भरम फइलवले क आरोप लगावत कांग्रेस पर निसाना सधलस। नई दिल्ली में एगो संवाददाता सम्मेलन में भाजपा प्रवक्ता संबित पात्रा कहलें कि संसद में चुनावी सुधार पर पुरहर चरचा हो चुकल हौ।

***कोर्ट में केस नहीं, इलेक्शन कमिशन में एक भी किसी बूथ के ऊपर कंप्लेंट नहीं, मगर आप रैली कर रहे हैं। यही दिखाता है कि हाथ में वास्तविकता नहीं है मगर एक भ्रम की स्थिति उत्पन्न करने की चेष्टा आप लोग कर रहे हैं। लाख कोशिश कांग्रेस पार्टी भड़काने की कर ले और हमारी संविधानिक संस्थाओं को अपमानित और बदनाम करने के लिए कर ले, मगर विदेश भी जानता है कि भारत का लोकतंत्र एक बहुत सघन लोकतंत्र है और इसे हिलाया नहीं जा सकता है।***

**********

राज्य विधानमण्डल क सीतकालीन सत्र ओन्नइस दिसम्बर से चउबीस दिसम्बर ले चली। बाइस दिसमबर के वित्तीय बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे पहिला अनुपूरक बजट पेस कइल जाई, एहमें कई गो विभागन क अउरियो जरूरति बदे धनराशि क मांग कइल जाई। एकरे अलावा राज्य सरकार सदन में दस से बेसी विधेयको रक्खी। एहमें कुछु पुरान लटकल विधेयक आ नया प्रस्ताव सामिल रहि सके ला।

**********

काशी–तमिल संगमम के चउथा संस्करण में कार्यक्रमन क सिलसिला जारी हौ। आजु संगमम में आइल सतवां समूह काशी विश्वनाथ मंदिर में दरसन पूजन कइलस। मंदिर क सास्त्री लोगि फूल बरसा के आ डमरू बजा के समूह क अगुआनी कइलें। अगुआनी के बाद सदस्यन के काशी विश्वनाथ धाम क भव्य कॉरीडोर क भ्रमण करावल गइल। येह दौरान समूह क सज्जो सदस्य धाम क इतिहासिक सरूप आ स्थापत्य कला के बारे में जनकारी लिहलें।

**********

प्रदेस के सज्जो पूरबी जिला में ठंडी आ कुहेसा क परभाव बढ़ि रहल हौ। राति आ भिन्नहीं के परे वाला कुहेसा से कई जिला में लोगिन क जिनगी परभावित होखे लागल हौ। बीतल कुछु दिन में तराई वाले जिलन के तापमान में तेजी से गिरावट दरज कइल गइल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक तापमान में गिरावट अउर कुहेसा क सिलसिला अगिला तीनि–चारि दिन ले जारी रही। दिसम्बर के दुसरका पखवाड़ा में कड़ेर ठंडी परले क पूर्वानुमान बा।

**********